

KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY AP LANSE KANPAY RANMASE LAJAN POU METE SISTÈM SAN FIL NAN SALKLAS POU JWENN FON FEDERAL POU AMELYORE TEKNOLOJI NAN SALKLAS YO

Sipèntandan Lekòl Miami-Dade yo Alberto M. Carvalho anonse Fondasyon pou Nouvo Inisyativ nan Edikasyon, òganizasyon ki pa la pou pwofi ki ap sipòte Lekòl Miami-Dade yo, lanse yon kanpay yo rele "Bringing Wireless to the Classroom" (Metete Sistèm San Fil nan Salklas la), pou ranmase \$7 milyon anvan 31 janvyè 2012. Yo pral mache fon sa yo avèk dola federal nan valè \$100 pou chak \$10 yo ranmase, jisrive \$70 milyon pou finanse amelyorasyon teknoloji ki nesèsè nan lekòl leta Miami-Dade yo.

Bi Distri a se pou l konekte sistèm san fil nan tout lekòl yo nan ane lekòl 2012-2013 la. Fondasyon an ap prese chèche kontribisyon ki soti nan biznis lokal ak sitwayen prive pou rive nan delè 31 janvyè 2012 pwogram "E-Rate" (Sèvis Entènèt) "Federal Communications Commission (FCC)" (Komisyon Kominikasyon Federal) la pou l mete fon lokal yo an plas. Carvalho di, "Opòtinite pou nou jwenn yon si gwo sòm lajan ki ka sèvi espesifikman pou amelyore teknoloji nan lekòl nou yo, ... non sèlman reprezante yon chans pou amelyore anviwònman ansèyman pou chak timoun, men li ka sèvi pou motive kreyasyon travay nan sektè prive a paske y ap bay kontra pou fè travay ki asosye avèk enstalasyon ak mentnans amelyorasyon dijital atravè tout distri a."

Pou kontribye sou Entènèt, vizite www.helpdadeschools.com klike "donate button" (bouton donasyon) an, e mande pou yo bay fon an nan pwogram "Give Kids the World – A World of Technology" (Bay Timoun Mond lan – Yon Mond Teknoloji).

TO GRADYASYON LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY ATENN PI WO NIVO LI DEPI TOUT TAN

To gradyasyon "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) rive nan wotè li pa janm rive ki se 77.7 pousan pou ane akademik 2010-2011 la. Se yon ogmantasyon 5.6 pousan konpare avèk nivo ane pase a ki se 72.1 E to gradyasyon ki pi wo M-DCPS reyalize depi Depatman Edikasyon Florid te kòmanse suiv estatistik gradyasyon yo avèk metòd modèn nan fen ane 1990 yo.

Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho di, "Tandans gwo amelyorasyon sa a ankourajan anpil e li demontre plan pou ogmante akonplisman elèv nou an ap mache... Nou mete meyè pwofesè ak meyè administratè ansanm nan efò sa a pou ede elèv yo gradye e prepare yo pou kolèj ak karyè. Rezilta sa yo vini tousuit apre gwo nòt elèv yo te fè nan lekti ak matematik nan Evalyasyon Nasyonal Pwogrè Edikasyonèl. Carvalho ajoute, "Paran, pwofesè ak lidè lekòl yo, tout ka pran fyète nan akonplisman sa yo."

Amelyorasyon nan to gradyasyon distri a te vin posib gras ak yon plan detaye pou adrese nouvo estanda responsablite pou lekòl segondè.

Y AP DIFIZE ANDIRÈK 10 JANVYE 2012 YON REYINYON KOMINOTÈ: "PRAN DAVANS POU 2012-2013" AVÈK SIPÈNTANDAN CARVALHO

Y ap retransmèt andirèk Reyinyon Kominotè Lekòl Leta Miami-Dade County a avèk Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho sou WLRN Chèn 17 madi 10 janvyè a 6:30 diswa. Reyinyon an ap fèt nan Oditoryòm Komisyon Konsèy Lekòl la, ki lokalize nan 1450 N.E. Second Avenue, Miami.

Nou prepare reyinyon sa a, ki se twazyèm nan yon seri reyinyon kominotè, avèk kominote a nan lide nou pou ofri yon rezime sou defi nou te konfwonte pandan twa dènye ane yo, ofri yon vizyon pou pwochen ane lekòl la, e angaje moun ki gen enterè nan kominote a nan pwosesis edikasyon an.

WLRN AP LANSE KANPAY "AMERICAN GRADUATE" (AMERIKEN GRADYE)

"Corporation for Public Broadcasting (CPB)" (Kòporasyon pou Difizyon Piblik) chwazi Radyo ak Televizyon Piblik WLRN pou li vin estasyon medya piblik santral nan kanpay "American Graduate" pou Miami-Dade County. "American Graduate" se yon inisyativ nasyonal yo fèk lanse pou ede kominote lokal yo jwenn solisyon pou adrese kriz elèv ki ap kite lekòl bonè Ozetazini.

WLRN, youn nan 20 medya santral nasyonal yo, pral mete sou pye estrateji konsyantizasyon ak aktivite angajman an kolaborasyon avèk anplwaye ak elèv M-DCPS, espesifikman ki vize popilasyon lekòl mwayen distri a.

Madi 10 janvyè 2012 a 9:00 dimaten, pou lanse kanpay lokal la, WLRN ap konvoke yon seri moun ki gen enterè nan kominote a ki soti nan edikasyon Miami-Dade, domèn biznis ak sivik nan estidyo WLRN anba lavil Miami. Sipèntandan Lekòl Miami-Dade yo Alberto Carvalho se oratè prensipal evènman an. Pandan fowòm nan, WLRN ap prezante tou videyo "American Graduate" estasyon an ki prezante pwogram edikasyonèl lokal ak lidè, tankou Sipèntandan Carvalho, ki ap ankouraje elèv pou yo rete lekòl e reyisi.

To gradyasyon distri lekòl Miami-Dade ogmante yon fason ki konsistan pandan senk ane ki sot pase yo men gen anpil bagay ki ka fèt toujou pou amelyore tandans la. WLRN pral vize lekòl mwayen M-DCPS pou yon angajman pwolonje. Lekòl mwayen ki ap patisipe yo se Mandarin Lakes K-8 Academy, North Dade Middle School, Nautilus Middle School, ak Miami Gardens Middle School.

Ap gen evènman lansman pwogram nan kat lekòl sa yo kote yo ap bay tout elèv 6yèm ane eskolè braslè, leman ak materyèl ki gen enfòmasyon ak aktivite sou kesyon elèv ki ap kite lekòl bonè. Pwojè sa a ap afekte apwoksimativman 2000 elèv 6yèm ane eskolè dirèkteman. Paran, òganizasyon kominotè, ak medya a envite nan evènman sa yo.

M-DCPS REKONÈT PÈFÒMANS MEYÈ DIREKTÈ AK ASISTAN DIREKTÈ

Lekòl Leta Miami-Dade County te rekonèt direktè ak asistan direktè ekselan nan yon seremoni peman dapre pèfòmans ki te fèt novanm ane pase nan oditoryòm Bilding Administrasyon Komisyon Konsèy Lekòl nan lavil Miami.

Sipèntandan Lekòl Alberto M. Carvalho te felisite meyè administratè yo pou akonplisman yo nan ogmantasyon siksè elèv e pou devouman yo ak kantite tan sèvis yo bay.

Carvalho di, "Moun sa yo se moun ki te sibi rediksyon apre rediksyon nan salè yo. Yo travay anpil lè anplis san plenyen... Li lè pou nou rekonpanse yo pou devouman yo nan sipò yo bay pou siksè elèv."

Miami-Dade se deja premye distri lekòl nan eta a ki rekonpanse pwofesè pou pèfòmans yo dapre "Race to the Top (RTTT)" (Kous pou Antèt). Eta a pa mande distri lekòl yo plan peman dapre pèfòmans jiska 2014. Sepandan M-DCPS te kapab akonpli objektif sa a gras a sipò sendika ak manm Komisyon Konsèy Lekòl yo ki kenbe angajman yo solidman pou salklas lokal yo. Fwa sa a, sistèm lekòl la te kapab ofri kèk sipò finansye a administratè sa yo ki dirije e enspire pwofesè pou yo akonpli objektif edike elèv.

ASOSYASYON EDIKASYON AR NAN FLORID NONMEN SIPÈNTANDAN ALBERTO M. CARVALHO SIPÈNTANDAN POU ANE 2011

"Florida Art Education Association (FAEA)" (Asosyasyon Edikasyon Ar nan Florid) nonmen Sipèntandan Lekòl yo, Alberto M. Carvalho, Sipèntandan pou ane 2011 la nan seremoni dejene prim yo a nan St. Petersburg, Fla.

Sipèntandan Carvalho di, "Se yon kokenn chenn onè mwen pataje avèk anpil moun nan Lekòl Leta Miami-Dade County... Komisyon Konsèy Lekòl la avèk Distri a fè yon gwo efò tèt ansanm pou yo kenbe pwogram edikasyon ar yo. Timoun reyèlman pwofite lè yo ekspoze a ar."

Yo te onore tou, twa edikatè Miami-Dade: Direktè Lekòl Mwayen Norland Eugene Butler, Jr., Linda Mangual, yon pwofesè ar ak edikatè antèt mize nan Lekòl Elemantè Dtè. Carlos J. Finlay, ak veteran edikatè ar pandan 32 ane Linda Stern nan Lekòl Mwayen Jose Martí.

Yo te chwazi Butler kòm Direktè/Administratè pou ane 2011 FAEA a. Yo te chwazi Mangual pou Prim Sèvis Distenge FAEA pou Ane 2011, e yo te onore Stern avèk Prim Edikatè Ar Nivo Lekòl Mwayen Ekselan FAEA pou Ane 2011.

FAEA prezante prim anyèl pou rekonèt manm endividyèl ki akonpli pi gwo nivo pwofesyonalis nan edikasyon ar, e pou montre apresyasyon pou endividi oubyen òganizasyon ki bay sèvis yo nan yon fason ki egzanplè pou asosyasyon an e ki pataje objektif pwofesyonèl yo.

DAT POU NOU SONJE

Lendi 16 janvyè - Obsèvasyon Fèt Nesans Dtè. Martin Luther King Jr.

Lendi 23 janvyè - Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon

Vandredi 3 fevriye - Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon

Lendi 20 fevriye - Fèt Tout Prezidan (All Presidents Day)

Lendi 12 mas jiska vandredi 16 mas - Vakans Prentan

Vandredi 30 mas - Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon

Vandredi 6 avril - Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

18 janvyè	11:45 dimaten	Reyinyon Regilye
15 fevriye	11:45 dimaten	Reyinyon Regilye
7 mas	10:00 dimaten	Sesyon Konferans: Zòn Prezans pou 2012-2013
	11:45 dimaten	Reyinyon Regilye
18 avril	11:45 dimaten	Reyinyon Regilye

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Lawrence S. Feldman, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Carlos L. Curbelo
Renier Diaz de la Portilla
Doktè Wilbert "Tee" Holloway
Doktè Martin Karp
Doktè Marta Pérez,
Raquel A. Regalado

Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo

Hope Wilcox
Konseye Elèv pou Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Relasyon Piblik ki Pwodui Bilten sa a
John Schuster
Ofisye Kominikasyon Anchè

Tammy T. Reed
Direktris

